

≡ Konnen Dwa Ou yo ≡

Dwa pou Rete an Silans

Ou gen dwa pou rete an silans pandan wap fè entèraksyon ak ajan ki fè respekte lalwa oswa ajan imigrasyon. Se sèlman non ou ak pyès idantifikasyon ou yo mande w pou bay, sepa estati imigrasyon ou.

Dwa Pou Genyen Yon Avoka

Si yo arete w oswa ou gen pou fè fas ak pwosedi legal, ou gen dwa pou gen yon avoka. Nan ka kriminel, si ou pa kapab peye yon avoka, yo pral ba w youn. Nan ka imigrasyon, menm si ou pa gen dwa pou yo bay ou yon avoka, ou ka peye youn oswa chèche asistans legal pro bono.

Pwoteksyon kont Fouy ak Sezi San Rezon

An jeneral, ajan ki fè respekte lalwa oswa ajan ICE yo pa kapab antre lakay ou oswa fouye lakay ou san yon manda valab yon jij siyen, epi ou gen dwa mande pou wè manda a.

Avètisman: Dokiman sa a fèt sèlman pou bay enfòmasyon epi li pa konsèy legal ni yon ranplasman pou asistans legal. Pou yon sitiyasyon espesifik, toujou konsilte yon avoka oswa yon reprezantan ki akredite.